ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№208 (22.366) ● 2012 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 23, гъубж ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокі ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Токумаев Ж. З. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щыхуб тхакІуэ» щІэ льапІэр фІэщыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балькъэрым и лъэпкъ литературэм зегъэужьыным кІаруушхуэ зэрырихьэлІам икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щыхуб тхакІуэ» щІэ льапІэр фІэщын **Токумаев Жэгъэфар Зубер и къуэ** - «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ТхакІуэхэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м
№142-УГ

АфІэунэ А. М. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкІэ щыхъ зиІэ и лжьакІуэ» щІэ льапІэр фІэщыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

ІэщІагъэм зэрыхуэІэзэм, «Кавказ Джэгуэр» III щІыналъэ зэхуаку фестивалыр къызэгъэпэщынымрэ егъэкІуэкІынымрэ езым ищхьэкІэ къаруушхуэ зэрырихьэлІам папщІэ, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лжьакІуэ» щІэ льапІэр фІэщын **АфІэунэ Аслъэн Мартын и къуэ** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм спортымкІэ, туризмэмрэ курортхэмкІэ и министрым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м
№143-УГ

Кладько И. Е. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щыхь тхылыр етыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

ЩІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрыщылажьэм папщІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩІыхь тхылыр етын **Кладько Игорь Евгений и къуэ** - Прохладнэ къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м
№146-УГ

2012 гъэм жэпуэгъуэм и 26-р зыгъэпсэхугъуэ махуэу гъэувыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Мусылъмэнхэм я Іуэхущ1апІэм зэрызыкъыгъэзам ипкъ иткІэ, Къурмэн махуэщхуэр зэрагъэлъапІэм кІыхькІыу **унафэ соиІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щымылажьэ махуэу щыгъуэвын 2012 гъэм жэпуэгъуэм и 26-р.

2. Мы Указым кІары егъэут официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м
№147-УГ

КъБР-м и Іэтащхьэм къыбгъэдэкІ автобус

Бахьсэн кьалэм Кьып Мухьэмэд и щІэр зэрихьэу дэт гъуазджэмкІэ школым щІэсхэр хуабжьу зыщыгуфыкІа тыгъэ республикэм и Іэтащхьэм яхунщІащ. Абы и щІэкІэ «ГАЗель» автобус цІыкІум и ІункІыбзэр школым и унафэщІ Куж Ритэ иритащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Фырэ Руслан.

ШКОЛЫМ щеджэ сабийхэм хьэщІэхэр гуапэу ирагъэблэгъащ икІи езыхэм я Іэрыкіхэр ирагъэлъэгъуащ. Псом хуэмыдэу Фырэ Руслан игу ирихьащ нарт эпосым и лІыхъужьхьэм я скульптурэхэр, ахэр зэрыгъэпса щыкІэр. КъыхэзыщІэкІамкІэ, мы школым къыщагъэсэбэп Великобританием и сабийхэр гъуазджэм зэрыхуагъасэ Іэмалхэм ящыщ куэд. Апхуэдэ технологиехэм еджапІэм и унафэщІым щыгъуазэ зищІауэ щытащ а къэралым щыщыІам.

АЛОКЪУЭ Аринэ,
Бахьсэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● ДАХ-м и IX Зэхуэсыр

КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен и псалъэ.

Нобэми илъэсищ къэкІуэнуми теухуауэ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и IX Зэхуэсыр жэпуэгъуэм и 20 - 21 махуэхэм Налшык щекІуэкІащ.

ЗЭІУЩІЭШХУЭР, къэрал къулыкъущІэхэри, лЫкІуэхэри, къэщІэхэри зыхэтар, щекІуэкІар Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэрщ. Абы кьрихьэлІащ икІи кьыщыпсэльащ КъБР-м и Іэтащхьэ **Кьанокъуэ Арсен** (жиІар щхьэхуэу тыдодэ), Тыркум, Сирием, Иорданием, Германием, США-м, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Абхьазым, Къэбэрдей-Балькъэрым, Шапсыгым я лЫкІуэхэр.

Фигу къэдгъэкІыжьынщ. ДАХ-м и Зэхуэсыр илъэсищым зэ йокІуэкІ. Абы кьыщапщытэж я лэжьыгъэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президентыр, Советыр, Гъэзэщ1акІуэ гупыр хах, адыгэ лъэпкъыр зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэм щытопсэльыхь, илъэсищ пІалъэм ящІэн хуей куэд зыхуаугъэувыж кьалэнхэр яубзыху.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм 2009 - 2012 гъэхэм хуэзфэкІам теухуауэ кІэщІу кьэпсэльащ а пІалъэм мы жылагъуэ организацэм и президенту щыта **Ажахуэ Кьанщобий**. ДАХ-м и Къэпщытакіуэ гупым и лэжьыгъэр абы и унафэщІым и кьуэдзэ Мэщхуэфі Нэждэт кьыпщытэжащ. Нужькіэ тхьэмадэр, абы и яп кьуэдзэр, Гъэзэщ1акІуэ гупым хэтхэр хахащ. Урыс-Кавказ зауэр зэририхэр илъэси 150-рэ зэрырикъуэещІэжьын хуей Іуэхугъуэхэм тепсэльыхьащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд.**

Зэхуэсым и етІуанэ махуэм лЫкІуэхэр хэпльащ ДАХ-м и Уставым зэхъуэкІыныгъэ хэльхьэным, 2014 гъэм Сочэ щекІуэкІыну Олимпиадэм, Адыгэ, Абхьаз хасэхэр зэдзгъэлэжьэным, ди лъэпкъ Іуэхуэхэм щІалэгъуалэр кьыхъэшэным епха жэрдэмхэм.

ДАХ-м и Тхьэмадэу хахащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

Зэхуэсым кьыщаштащ ДАХ-м и IX Конгрессым УФ-м и Президент Путин Владимир, Федерацэмкіэ и Советым и УнафэщІ Матвиенкэ Валентинэ, Кьэрал Думэм и Іэтащхьэ Нарышкин Сергей сымэ Зэрызыхуагъазэхэр, Сирием щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр зауэм кьыхъэшыным, Олимпиадэ-2014-м и щэнхабзэ программэм адыгэхэм ехьэлІауэ кьыхэщыным, нэгъэщІэкІэми ятеуху документхэр.

ЗэІущІэм щыжаІамрэ унафэу кьыщахьамрэ ди газетым иужьыІуэкІэ фыщигъэгъуэзэнущ.

ШИРДИЙ Маринэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ебгъуанэ Конгрессым къыщипсэлъар

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ебгъуанэ Конгрессым и делегатхэмрэ абы и лэжьыгъэм хэтхэмрэ сэлам гуапэ фызох икІи фи зэхуэхьэзыхэм лэжьыгъэ тэмэм зэфІигъэкІыну сынывохъуэхъу.

ДУНЕЙПСО Адыгэ Хасэр кьыззэрызэрагъэпэщам адыгэ лъэпкъым и гъащІэм мыхьэнэщхуэ щыІар. Нобэ ар зэфІэкІ зыбгъэдалъ, пщІэ зиІэ Дунейпсо зэгухьэныгъэ зэрыхуэар зыкІэпІэмэ, егъэлея хъунукъым.

Ещанэрауэ, Кавказ зауэм кьрикІуахэр, абы щыщу нэхъыщхьэ дыдэр - адыгэхэм я нэхъыбапІэр хамэ кьэралхэм зэбгрыдза зэрыщылъуар - нэсу псомк кьыщальытэнкІэ хъунур дунейпсо хабзэхэм кьадэкІуэу, Урысей Федерацэм и законодательствэмрэ ди лъэпкъэгъуэхэр нэхъыбэу щыпсэу кьэралхэм я законодательствэмрэ тІкІийуэ дыдет нэужькІ.

ИкІэм-икІэжьым, икъуэкІ мыхьэнэшхуэ иІэщ кьыщохъу адыгэхэм кьадэгъуэгурыкІуэ щэнхабзэмрэ гупсысэкІэмрэ дуней псом иджыпсту щекІуэкІ зыужьыныгъэмрэ щІэныгъэр и лъабжьэу зэгъэзэгъэным. Абы щыгъуэщ Іуэхуитіу зэхэлъ кьалэн нэхъыщхьэ дыдэр - езым и лъэпкъ щэнхабзэр хъумэжьыным рэ дунейпсо зэхъуэкІыныгъэхэм зыхэгъэзэгъэнымрэ - ди лъэпкъым щыхудэгъэкІынур.

ДАХ-м и лэжьыгъэм мыхьэнэ хэха зиІэ и унэтІыныгъэу увын хуейщ ди республикэхэр адыгэхэр зэрыІыгъуу щыпсэу кьэралхэм экономикэ и лъэныкъуэкІэ зэрадзалажьэм зегъэужьыным зыщІэгъэкъуэныр.

ИкІи, дауи, икъуэкІ мыхьэнэшхуэ иІэщ ДАХ-м и лэжьыгъэр лъэпкъыр зэщІэгъэуІуэжьынымрэ зэхъуэгъэувжьынымрэ хуэунэтІауэ щытыным.

Апхуэдэ кьалэнхэр гъэзэщІа зэрыхъунур куэдкІэ ельытащ ДАХ-м и унафэщІ органхэм я лэжьэкІэм. Нобэ фэ кьыфпэщытщ фи ассоциацэм и гъэзэщІакІуэ комитетым хэтхэр щІэуэ зэфхьажьну.

Шэч кьытесхьэркъым Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Конгрессым пэжагъ нэс зыхъэлъ, зи лъэпкъыр гукІи псэкІи фІыуэ зыльагъу, абы и блэкІам куууэ щыгъуазэ цІыхухэр унафэщІу зэрыхихьым, нобэ кьэув кьалэн ин дыдэхэр дэгъэкІыным хуэунэтІа унафэщІ губзыгъэхэр икІи ипэжипІэкІэ пхуэгъэзэщІэнухэр кьыззэриштэнум.

Аргуэру зэ сынывохъуэху лэжьыгъэ тэмэм зэфІэвгъэкІыну, хьэщІэкІэ фІы Къэбэрдей-Балькъэрым и щІыналъэм фи гум зыщигъэпсэхуну.

Сэхъурокъуэ Хьэутий кьопсалъэ.

ЗэІущІэм кьрихьэлІахэр. *Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Дунейм ешыхьыбгъэхэр

Къэралым и фейдэ зыхэлъ

Урысейр Дунейпсо сату зэгухьэныгъэм (ВТО) зэрыхьыхьам и сэбап къэкІыу щІидзэнущ илъэси 5-10 хуэдэ дэкІмэ.

Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий апхуэдэу щыжиІащ «Антиконтрафакт-2012» зыфІаща форумым кьыщыщыпсалъэу. «Пэжщ, Іэнатіэ гуарэхэм щытыкІэр нэхъыкІэ щыхъэнкІэ хъунущ, ауэ, зэрыщытыкІ кьапщтэмэ, ди къэралым и фейдэшхуэ кьыхэкІынущ ВТО-м дыззэрыхьхьам», - къыхигъэщащ премьер-министрым.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, Урысейр а зэгухьэныгъэм хьхьащ илъэс 17-м щІигъукІэ абы и Іуэху зэрихуа, зэпсэхьэныгъэхэр иригъэкІуэкІа нэужь. Дунейпсо банкым къызэрибжамкІэ, абы зэрыхэтым ягъ илъэсищым кьриубыдзу Урысейм кьыхихьынущ кьэралым кьыщалэжь продуктым кьыпэкІуэ хэхъуэм и процент 3,3-м хуэдиз.

Нацистхэм я сэлам хыкІэр хуамыдзу

Альдужым и парламентым къаугъэ кьыщыхъеящ. «Пшэплъ дыщафэ» партым и Іэтащхьэр щІалэгъуалэм щаІущІэм нацистхэм я сэлам зыкІэм хуэдэу и Іэр ищІри, ныбжьыщІэхэм зэхуигъэзащ: «Си Іэхэм зэрэмыцэ мыпхуэдэуи сэлам ящынкІэ хъунущ, ауэ а Іэхэр къабзэщ. Ахэр дыгъуакъым».

Я партым и лэжьыгъэм нацизмым и хуэмэбжьымэ гуэри хэмылъу абы хэтхэм трагъэчныкъ щхьэкІэ, илъэс бжыгъэкІэ апхуэдэ литературэр зэрызэбгригъэхьам щытыкІэт техъуэхэр щыщІэ. Ахэр ягъэхъуаншэ цІыхухэм я хуитыныгъэхэм кьыщыхьащІэ згуехьэныгъэхэмк. А партырщ «алыджхэм я закъуэ щхьэкІэ» лъы тынымрэ хуэмыщІахэм ерыскъыпхъэхэр яхуэгуэшынымрэ хуэунэтІа акцэ кьыззэзыгъэпэщауэ щытар икІи нэгъуэщІ кьэралІ кІэлъхъуэкІаУ Алыджжым и сабий садхэм екІуалІэхэм я бжыгъэр ягъэмащІэну кьэззыгъэувауэ щытар.

«Пшэплъ дыщафэм» и Іэтащхьэм и апхуэдэ утыку ихьэкІэр ямыдзу кьуэващ парламентым щынэхъыбэ парт псоми я лІыкІуэхэр. «Нацистэм ехьыкІэр яхуэбдзэмэ, абы кьыпыувнущ нацист залымыгъэри, - кьыжаІэщащ «Зыми и унафэ щІэмыт алыджхэр» партым щыщхэм. - Демократиер кьыщежьа кьэралым губгъыр лей зехьэным щыхуэзыІуэнырэ къэбгъэхъу хъунукъым».

Телеканалым тІуащ

Ливием и щІыпІэ куэдым щытыкІэр аргуэру щыхэщІэпІъащ, щІыхуэзр щІэзэрызэхьащ.

Бенгази ащаІэм щылажьэ Al Hurra америкэ телеканалым и Іуэхущ1апІэм зыкъзэрыІэтакэр щІэзэрыгуэри, зэтракъутащ, иужькІэ мафІэ щІадащ.

ИужькІэ наІуэ къызэрыхъуамкІэ, ятеуахэр Ливием и унафэщІу щыта Каддафи Муамар и телъхъэ вафалла лъэпкъым щыщщ. Ахэр игъэгубжащ правительство кьаруэмрэ Бани-Валид кьалэм абыхэм Іэщэкіэ кьащыпэуважэмрэ я зэпэщІэтыныгъэм, ар къызыхэкІа щхьэусыгъуэхэм ятеухуауэ кьагъэлъагъуэхэм, хъыбарыщІэхэм мыпэж куэд хэлъу кьальытэ.

Кастрэ зыри зыдигъуэркъым

Кубэ революцэм и пашэу щыта Кастрэ Фидель нэхъ сымаджэ къэхъуауэ ягъэІуа хъыбархэр зэрымыпэжмы щыхьэт тІкІуащ вэсэмакуэ ар кьэралым щекІуэкІа хэхыныгъэхэм зэрыхэтар. Езыр хэхыпІэ участкэм мыкІуэфами, абы и бюллетеныр яІэриІэхъащ.

Апхуэдэуи, Гаванэ и хьэщІэщ нэхъ цІэрыІуэхэм ящыщ NacIonal жыхуиІэм щыІэу ялъэгъуащ Кастрэ. Абы щыгъуэт Венесуэлэм кьикІа и хьэщІэ, а къэралым и вице-президенту щыта Хауа Элиас. «Дэ сыхьэтихукІэ дызэбгъэдэсащ, мэкъумэш хозяйствэм, тхьдэм, дунейпсо политикэм дытепсэльыхьащ.

ИкІи кьыхэзгъэщыну сыхуейщ Фидель зыри зэрызыдимыгъуэр», - кьажриІащ абы журналистхэм.

НОБЭ

t 1914 гъэм Ябэ дунейпсо зауэм инджылызхэм кьыщагъэсэбэпат зи калибрыр мм 457-рэ хьу топ. Абы тонни 127-рэ и хьэпІагъэт.

t 1995 гъэм инджылыз дохутыр **Уэстеби Стивен** цІыхугум и пІэкІэ токкІэ лажьэ гу ящу ирилъхьащ.

t 1920 гъэм кьалъхуащ италъян сабий тхакІуэ цІэрыІуэ **Родари Джанни.**

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьызэриІтымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 17, жэщым - 10 - 14 щыхъунущ.

ПІалъэр зыгъэхьэзырар ЖЪОКЪМЫХЪУ Мариэтт.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Еблагъэ зи бэм и бын мэжаІІэркъым.

Дунейуэм республикэхэм

Путиным кьыбгъэдэкІ фІыщІэ

АДЫГЕЙ. ***Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир кьыбгъэдэкІ фІыщІэ кьыІэрыхьащ республикэм и Іэтащхьэ Тхьэкіуашынэ Аслъэнджэрий.***

КЪЭРАЛ Унафэщ1ым ТхьэкІуашынэм фІыщІэ хуищІащ Урысейм и президент хэхыныгъэхэм жыджэру зэрыхэтам папщІэ. Фигу къэдгъэкІыжьынщи, абы щыгъуэм Адыгейм и хэхакІуэхэм я процент 64-м щІигъум Іэ щІэтар Путин Владимирщ. Ахэр ныкъуэсныгъэнэшхуэ, хабзэм тету екІуэкІат.

«Адыгей бжьамий завод»

«Терминал-7» ООО-м полиэтилен бжьамийхэр республикэм кьыщІэгъэкІын щыщІидзэнущ.

АДЫГЕЙМ и Іэтащхьэ ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий зэрыжиІамкІэ, сом мелуан 35-рэ и уасэ полиэтилен бжьамийхэр республикэм кьыщыщІэгъэкІынырэ кьыззэригъэпэщыну и мурадщ «Терминал-7» Іуэхущ1апІэм. «Адыгей бжьамий завод» маркэр зыгетІыну продукцэм елэжьын щІадзэнущ дызытехьэну 2013 гъэм. Ар щІэзэтраубгъэнущ республикэм и Щэджэн районым. Проектым и фІыгъэкІэ цІыху 30 лажьаІэ Іэнатіэкіэ кьызэрагъэпэщыфынущ.

Процент 14-кІэ хохьуэ

Республикэ бюджетым кьыЗэрихьэ налогыр процент 14-кІэ нэхъыбэ хъущ.

БЛЭКІА мазибгъуэм УФ-м и бюджетым псори зэхэту сом меларди 5,3-рэ халъхьащ, абы щыщу щІыналъэ бюджетым - меларди 4,5-рэ. Федеральнэ налог кьулыкъум и управленэу Адыгейм щыІэм кьызэритымкІэ, ар нэгъабэ ельытауэ процент 14-кІэ нэхъыбэщ. Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Матвеевэ Еленэ зэрыжиІамкІэ, ар кьрикІуащ налог зытытхьэхэм я нэхъыбэр Іуэхум тэмэму зэрыбгъэдыхьэм. Арщхьэкіэ, щыІэщ щыхуэ зытелъхэри. Абыхэм ядопэжьэныр я унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ икІи мы илъэсыр кьыззэрихьэрэ ар процент 15-кІэ, нэгъуэщІу жыпІэмэ сом мелуани 127-кІэ, ягъэзмэщІащ.

Іэтащхьэм деІыгъ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. «***Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-мрэ ЩІыуэпсым и дунейпсо фондымрэ (WWF) кьыхахьащ Урысейм и Тхыль пльыхьым иратха дзу пІэужьыгъуэхэр ягъэбгъуэн папщІэ Къэрэшей-Шэрджэсым «Аслъэт-къыр» щІыуэпс парк кьыщызэгъэпэщыныр.***

ЖЭРДЭМЩІАКІУЭХЭМ кьызэралытэмкІэ, паркыр бгъыпэ щІыпІэхэр хьуэныным, кьуэлэбзу пІэужьыгъуэхэр гъэхъуным хэущІауэ щытыпхъащ. Апхуэдэ парк кьызэгъэпэщыным техуэуа унафэр Къэрэшей-Шэрджэсым и Іэтащхьэ Темрезов Рашид ядиІыгъащ.

УЭРДОКЪУЭ Жэня.

Хьэжыщlымрэ Къурмэнымрэ зэгуэхыпlэ яlэкъым

●Махуэ гъапlэхэр

Нэщ мазэ гъапlэр зэфlэкlри, хьэж щlыным и пlалъэр къэуназуащ. Абы кlэщlу къыкlэлъэокlу Къурмэн хьыдыр.

ХЬЭЖ щыщlыну мурад зыщlахэм я хъуэпсапlэр нахуапlэ ящlыну Iэмал ягъуэтащ. Къурмэн хьидым щlидзэн и пэ къихуэу дунейм и щlыпlэ псоми икlа мусльымэн мелуанхэм исльамым и фарзэт хуэ языхэз хьэжьщlыр Сауд Хьэрыпым щызэфlагъэкl. Мы гъэми абыхэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым икlаехэр. Нужь итъэсым ди хьэжьщlхэм я бжыгъэм хуэдищым нэблагъэкlэ хэхъуащ икlи ди республикэм икlа щыху 312-рэ иджыпсту Мэкхэ щыlэщи, я хьэжьр Алыхьым къабылу яIнх! Псори зэхэту Урысей Федерацэм щыщ щыху 20500-м хьэж ящlыну Сауд Хьэрыпым Iэмал къариташ. Бжыгъэр зытращlыхьар къэралым щыпсэу мусльымэнхэм я бжыгъэрщ. Нэгъэущ щыпlэхэм къикlыу хьэжьщ кlэунухэм я куэдагъэр иплъэ къэ зыубзыхур Сауд Хьэрыпым Хьэж Iуэхухэмкlэ и министерствэщ.

Аухэдизэ щыхум Iэмал ягъуэтащ Алыхьталэм фарз къащlищlа Iуэхугъуэр ягъэзэщlэну, псалъэ куэд къалэжьыну, я анэм къыдэрилъхуам хуэдэу гуэныхьыншэу я унэ къагъэзэжьыну. Аращ Бгъэымбар пlалъэм щыжиIар: -Екlуу хьэж зыщlам жэнэт фlэкlа нэгъуэщl зыри хуэфащэкъым- (Бухьарий).

Исльам диныр зытет пкъо нэхъыщхьэ дыдэхэм хьэж щlыныр ящlыщ. Алыхьым зэризакъуэмрэ Мухьэммэд бегъымбарыр Абы зэрилhкlуэмрэ щыхьэт техъуэныр, нэмэз уахътитхур махуэ къэс щlыныр, Рэмэданыр къэнэщlыныр, мылькум сэджыт хэгъэкlыныр зэрыфарзым хуэдэ дыдэщ ари.

Хьэж хуэщlын пэтрэ ар къыфlэмыIуэхуу дунейм ехьажам и Iуэхур егъэлеяуэ щынагъуэщ. ЩlэныгъэлI инхэу Сэхьид ибн Джубейр, Ибрэхьим Iэн-Нэхъэгьий, Муджахьид, Тlауус сымэ, дэтхэнэ зыми жаIэу къаIуэтэж: «Хьэж щlынир кьытехуа пэтрэ, ар имыгъэзащlэу дунейм хуей екъижауэ щынагъуэщ. ЩlэныгъэлI инхэу Сэхьид ибн Джубейр, Ибрэхьим Iэн-Нэхъэгьий, Муджахьид, Тlауус сымэ, дэтхэнэ зыми жаIэу къ

*Щомахуэ Хьэсэнбий 1942 гъэм Бахъсэн районым хыхьэ Зенкъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Абы зэрысабийрэ фIэфI дыдэт мэзым кIуэну, бгым дэкIыну, псыхъуэ дахэм дэтыну. Хьэсэнбий зэрыжиIэжымкIэ, и ныбжьыгъуэм я гъусэу мэзым щыкIуэкIэ, усэхэр, макъамэхэр и щхьэм кьихьэрти, ахэр фIэгъэщIэгъуэнт икIи абыхэм хуэм-хуэмурэ елэжьырт. Мис абдежыгъ абы и усыгъэр, и макъамэр, фIытъагъэныгъэу Хэкум хунIэр кьыщыгъуар.

Школыр кьнуха кIуэрэ, Хьэсэнбий щIэтIысхьащ Палшык дэт педагогикэ училищэм. Ар фIэфIу хэтащ хорым, музыкэ Iэмэпсымэхэм зыхунгъэсащ. Абы и ужькIэ Щомахуэр щеджащ КъБКъУ-м адыгэбзэмкIэ и факультетым. Хьэсэнбий егъэджакIуэу щыта щыIэжащ. Зенкъуэ дэт макъамэ еджапIэм, къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм я унафэщIу, телевиденэм и музыкальнэ редактору щытащ.

Щомахуэм дахэу егъэзащIэ адыгэ уэрэдыжьхэр. Абыхэм ящыщ кIуэ, я тхьдэрэ щыгъуэжу нтхэ, дисКхэм тригъэтащ.

Хьэсэнбий зэхэтхьащ уэрэд куэд, радиом, телевиденэм щоIу и макъамэхэр. Ахэр зым ейми ещхькIым, абыхэм езыхэм я гъэпсыкIэ хьэлэмэт, зым хьыумыгъэгъащэ Iукъ ящэ. И уэрэдхэм я ритмикэр, метрикэр щIэуэ, пфIэгъэщIагъэуну кьеГупсысыф. Аращ ахэр цIыхум кьыщIащтар, щыжаIэр, фIыуэ щIалъагъур. Абы и уэрэдхэм дзэ нраташ уэрэджьыIуэхэу Къунькъ Хьэждал, ПащIэ Ахьмэд, КIуэ Борис, Асльэн Iсият, Мэремыкъуэ Хьусен, Сосмакъ Валентинэ, Уэтэр Анатолэ, Сокъур Ольгэ, ПщыгъэщIэ Юрэ сымэ, зигъэущIхэмк.

Макъамэм и псэм зи псалъэр пэджэж

Уэрэдус цIэрыIуэ Щомахуэ Хьэсэнбий и ныбжьыр илъэс 70 ирикъуащ

Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэ лъэпкым кьыдогъуэгурыкIуэ уэрэдымрэ пшынальэ эмылIэужьыгъуэхэмрэ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ныжьрей зэманым ди уэрэдми ди кьафэ-пшынальэмэ захъуэжащ. Щэсыпlэ сихьэфынущ ди къэбэрдей кьафэхэм хуэдэ Кавказым нс адрей лъэпкъхэм зэрамылIанIкIэ. Уэрэдыр зэрэ зыщIыжьыр фащэрщ. Иджы ар эдэмпIэсыжу, ди уэрэдыр нэгъуэщIу тхуэпэну дыхэтщ.

КОМПОЗИТОРЫМРЭ уэрэдусымрэ зыкъым. Музыкэ щIэныгъэ зиныIэ, ауэ зи псэр ушэ, кьыхуэмыгъэувыIэу зыгъэр зыусыр уэрэдусщ. Апхуэдэ ПщIагъэлI нэгъэсагъэу щытащ ПащIэ Бэчмырзэрэ («Уэзэ Мурат») Кьэжэр Индирсэ («ПыIэ гъуабжэ пIъыдфэ»). Абыхэм кьапоуфэ нотэр зымыщIыхуахэу Ахьмэт ШэлIэрат («Сэрмакъ»), Уэдыжь Хьусен («ЛатIифI и уэрэд»), ПщынокIуэ БетIал («ПшынэщIыжым и уэрэд») сымэ. Зи цIэ кьисIуахэм хуэдэу уэрэдускIэ уэзджэ хъуну Щомахуэ Хьэсэнбий фIэжIа зыри иджыпсту диЗкьым. Абы и щIыхьэту сыкьыщIэувыфынум и щхьэусыгъуэ зыщIэкIуэ сызиредактору дунейм кьытехьа «Уи гум сыкъэгъэкI» тхыIырщ. Абы уэрэд 20 итщи, дэтхэнэми я псалъэри макъамэри зейр езы Щомахуэрщ, жьыпIэнурамэ, макъамэм хэлъ псэм и псалъэр пощIэжкI Абы ящым цIыхубзым кьимыщIагъэ зыри яхэткъым.

Сыту ди насыпт абы щхьэ щIэныгъэ иIамэ, абдежым кьыщIыувыIэнутэкъым. Ар лъэпкъым и цIыху нэсщ, зы кьудамэ дахэ тхьэмпIэбгъ кьыдэжамэ, ар Хьэсэнбийщ.

Тхьэм и фIыщIкIэ, профессионалыгъэ композиторхэри диIэщ. Сыт и уасэ мы гъэм и дыгъэгъасэм Санкт-Петербург дэт консерваторэм и аспирантурэр кьэзыух Кьэбэрдокъуэ Мурат ухэсхакъым. Езыр цIыху щыпкъэщ, гъэсащ, адыгэлIщ, псэрыплажьэщ. И гъащIэр дахэу, абы и псэр кьыдэущэу дунейм тетщи аращ и уэрэдыр уэрэд щIэхъур. Мыр стхын хуейщ, жиIэу тIысхэм ящыщкъым ар, дахагъ гуэрым естэпIейтéрри и псэр зэрихуэу аращ.

Кьыгуэхьпlэ имыIэу ныбжьэгъу пэжщ. Абы дежи сокIуэри, а и жэнтым сыхэсу псы макъым сыщIодоIу, дунейм и даущым сыходэIухь. Апхуэдэу дыщцэзбгъэдэсым и дежи и анэм и гугъу куэдрэ зэрищIри си гуапэщ. Хьэсэнбий сэ схуэдэу фызабэкъуэщ, ауэ кIуэдакъым, гугъуэсым инсыхьри цIыху ищIащ, арагъэнщ и псэ дахагъэри кьызыпкъыхьыкIи. Апхуэдэкъуэ зыгъэса анэм сыт хуэдэ уэрэдри хуэфащэщ, «Анэ» жьыуиIэ уэрэдри фIы дыдэу си ныбжьэгъуэм къехъулIауэ кьызолIыгъ.

Нухуэ щIыпIэ дахэм къэкIыгъэ нэхъ дахэж и дунейм Хьэсэнбийрэ абы и щхьэгъусэ Фуэзэрэ хапIыкIащ и бынэгъэ абыхэм я быныжхэри. Даущ тIысыпIэщ Хьэсэнбий и лъьхэр нкIи арагъэнщ ар кьурши жьыми щIыщIэдэIуфыр, акъужь щадбэу и макъамэхэр щIигъанкIуэр.

Си анэм жиIауэ фIыуэ слъагъу псалъэхэмкIэ сыхуохъухъуэ: дэрэжьгъуэ, гукъыдэж, гуфIэгъуэ, зышIагъэ. Мис а Iэнэ лъакъыуплIыр Хьэсэнбий сытым деж иIэну си гуапэщ. Игури и псэри зэта и лъэпкъ цIыкIум иджыри зы уэрэд дахэ нэхъ мыхьуми зунусыну, гурэ псэкIэ фIыуэ слъагъу и кьуэрылъху-пхъуырылъху цIыкIуэм я гуфIэгъуэ ящIыну Тхьэм жиIэ. Зенкъуэ апхуэдэ лIы бэлыхь дяпэкIи кьызэкIыну!

ХЬЭИУПЭ Джэбрэйл,
КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Урыс Федерацэм гъуазджэхэмкIэ щыIх зиIэ и лэжьакIуэ.

Псом нэхъ гъэ сынэхъ бейуэ къызолъытэ

- АДЫГЭ уэрэдыжьхэм ежьу ямыIэмэ, ар кьебжэкIыу аркъуедийщ, бзу дамэнщэщ. Радиом и хорар фIы дыдэу щытащ. Ар дейуэ кьидылъ тэу унафэр зыщIар хуабжьу щыуат, уэрэдыжьыгIэж мыхьуу дащIащ а IуэхумкIэ, - кьыдогуашэ и гукъеуэ нэхъ ин Аслъэн Щомахуэ Хьэсэнбий. - Адыгэ лъэпкъым и макъамэ щэнхабзэр зэрыщыту кьащIэтэм, адыгэ уэрэдыжьхэр нэхъ лъагапIэм тетщ, аращ классикэу диЗр. Сыт щхьэкIэ жьыпIэмэ, лъэпкъым и псэуКIар, и щхьэ къркIуэ гуаузмрэ гуфIэгъуэмрэ кьахощыжрр. ЖьыпIэнурамэ, ди къеКIуэкIыкIа псом и гъуджэ наIуэу зэрыщытыр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым, зэи имыухыж псынэ щIыкIм хуэдэу ар кьыщIож.

Апхуэдэу егупсыри си зэкъуэшхэм, Тхьэм и шыхьэкIэ сэр нэмыщI адыгэ уэрэдыжьхэр жызыIэ зыбжанэ иджыри щыIэщ.

- Уэрэдыжьхэр зэхуэпхьэсыжьыну, абыхэм уэрэдыжьыну уи гум къэзыгъэкIар сытыт, Хьэсэнбий?

- Уэрэдэр жысIэу, ауэ радиом щезмыгъэгъэхаIуэ щIэкIуэ Сырамыкиу Къардэнгъэ ЩIуэкIэ сэр дыдэхуэзат илъэс 50 хуэдиз ящкIэ. Абы кьызжиIащ: «Хьэсэнбий, уэрэдыжьхэр нэхъ фагъуэ зэрыхъум ту лыштэркъэ, уэ пхуэкIэри, ягъэ кIынкIым, ахэр гупхэм щыгъэщIэ, нэхъыбэуэ егъэтх, псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, щIалэгъуэлэм кьыгъэребгъэщтэ ныМ жиIа нтг». А пIыжь Iущым и жыIэм сытетщ, зэрыхъукIэ, ауэ кьызэрымыкIуэу гугъуэ. Зы уэрэдыжь малъхъэдис ГэмалкIэ ебтыгъэнкIи сиIэжкъым. И ганинищ токIуадэ.

- Ежьур дауэ хьурэ-тIэ?

- Музыкэ театрым щылажьэ щIыхуитI-щым сольэIу, компьютерым я макъыр трыдогъатхэри, абы ахэр егъэбгагъэу, дрехьей, кьрехьэх, нэхъ псыгъуэ, гъум ещI. Абыхэм псоми мыпкIу токIуадэ, атIэми дэ ахъшэ лъэпкъ, сыт дымытхами, кьызэрыдамытрэ илъэс 40-м щIигъащ, уеблэмэ дызэрылажьэм пщIэ щIэдыщIт. Псалъэм папщIэ, уэрэдыщIэ стхащэ радиом е телевиденэм кьезгъэтынумэ, ар аранжировкэ, оркестровкэ езгъэщIын хуейщ. Абы сом мин 35-рэ ехь. Сэ сыпенсионерщ, хэхъуапIэ сиIэжкъым. И Iании псом нэхърэ сынэхъ бейуэ кьызолытэ, си гур цIыхухэм яхэухъхьэлэщ, яхуэжьабэщи, фIагъыр си нэрыгъыу фIэжIа зы махуэ дунейм сытетакъымкIи.

- Уэрэдыжьу дапщэ ебгъэтха, Хьэсэнбий?

- Мы зэкIэ 21-рэ, иджыри 34-рэ езгъэтхын хуейуэ зыкъэгъэщIауэ щылIыр. Ежьу зыщIагъэувыжын хуейхэр 10 мэхъу. Ахэр псори Зырамыку жиIэу щытащ.

Езгъэтхэм хэтщ уэрэдыжьхэ пэтыныгъэ сэ стхыжьхэри. Ахэр дунейм кьытебгъэхьэным гупсысэшхэрэ зэманрэ хуейщ, мыдрей уэрэд цIыкIуэхэм хуэдэхъум. Нэхъ гугъужьр ар егъэтхыгуащIэм техуауэ кьызжаIэ псалъэ дахэхэри гъуэмыгъэ схуохьу. СэхуэмыгъэнщIу ПащIэ Iукъ, заказ жьыхуэIэм хуэдэу, сытхэфыркъым. Апхуэдэ зэкъуэтакъэхэм ящыщщ нухьдыдэу стха, Альтуд кьуажэм техуа уэрэдыр.

Цыхъум ещхьщ уэрэдри: шы зэрыхъ хуэдэу щIэпхъуэу иужькIэ кьыкIэрыхужи яхэтщ, Уэрэд дахь тхьэIухудэ урохьэлIэ, ди жагъуэ зэрыхьэнщи, иджыпсту щыIэм я нэхъыбэр льагъуэуейщ.

- Псэм и гъэумылэ, и щыгъын хьуэ дахагъэм ухуэзыпщ уэрэд телыыджэхэр лъэныкъуэкIэ егъэкIуэтэжмэ, иджыпсту ягъэщащIэхэр дауэ кьыщцыкIыхьыр?

- ФIы хэлъу сухуэзыIэнуэкым а уэрэд мылъхуэсхэм, зэтIолъхуэныкIъхэхэм. Ауэ макъамэм дихьхъым Iей зэрыхуэмылъжьынур Iуэхум кьыхэплъытэмэ, нэхъыфIщ уэрэд яусми жаIэмэ. А зы тIэкIунитIэращ абы хэлъыр.

Уэрэдыр зы мэскъалщ, зы кьэгъэшIэщ. Зы купщIэ цIыкIу хэтыныгъэ абы цIыхум и псэм дихьхэ. Мис ар кьыпхуэгъэуэтэ, уэрэдуэу еращ.

ПащIэ Бэчмырзэ и гуащIэр зыпэсщI цIыкIэхьм, и тхьылыр си стIолыщIхьэм

Гугъуехьым ипсыхьа

Нжь-ижьыж лъандэрэ адыгэ лъэпкъым кьыдогъуэгурыкIуэ уэрэдымрэ пшынальэ эмылIэужьыгъуэхэмрэ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ныжьрей зэманым ди уэрэдми ди кьафэ-пшынальэмэн захъуэжащ. Щэсыпlэ сихьэфынущ ди къэбэрдей кьафэхэм хуэдэ Кавказым нс адрей лъэпкъхэм зэрамылIанIкI. Уэрэдыр зэрэ зыщIыжьыр фащэрщ. Иджы ар эдэмпIэсыжу, ди уэрэдыр нэгъуэщIу тхуэпэну дыхэтщ.

КОМПОЗИТОРЫМРЭ уэрэдусымрэ зыкъым. Музыкэ щIэныгъэ зиныIэ, ауэ зи псэр ушэ, кьыхуэмыгъэувыIэу зыгъэр зыусыр уэрэдусщ. Апхуэдэ ПщIагъэлI нэгъэсагъэу щытащ ПащIэ Бэчмырзэрэ («Уэзэ Мурат») Кьэжэр Индирсэ («ПыIэ гъуабжэ пIъыдфэ»). Абыхэм кьапоуфэ нотэр зымыщIыхуахэу Ахьмэт ШэлIэрат («Сэрмакъ»), Уэдыжь Хьусен («ЛатIифI и уэрэд»), ПщынокIуэ БетIал («ПшынэщIыжым и уэрэд») сымэ. Зи цIэ кьисIуахэм хуэдэу уэрэдускIэ уэзджэ хъуну Щомахуэ Хьэсэнбий фIэжIа зыри иджыпсту диЗкьым. Абы и щIыхьэту сыкьыщIэувыфынум и щхьэусыгъуэ сызиредактору дунейм кьытехьа «Уи гум сыкьэгъэкI» тхыIырщ. Абы уэрэд 20 итщи, дэтхэнэми я псалъэри макъамэри зейр езы Щомахуэрщ, жьыпIэнурамэ, макъамэм хэлъ псэм и псалъэр пощIэжкI Абы ящым цIыхубзым кьимыщIагъэ зыри яхэткъым.

Сыту ди насыпт абы щхьэ щIэныгъэ иIамэ, абдежым кьыщIыувыIэнутэкъым. Ар лъэпкъым и цIыху нэсщ, зы кьудамэ дахэ тхьэмпIэбгъ кьыдэжамэ, ар Хьэсэнбийщ.

Тхьэм и фIыщIкIэ, профессионалыгъэ композиторхэри диЗщ. Сыт и уасэ мы гъэм и дыгъэгъасэм Санкт-Петербург дэт консерваторэм и аспирантурэр кьэзыух Кьэбэрдокъуэ Мурат ухэсхакъым. Езыр цIыхубзым кьыхэкIыну. IэщlагъэлI нэс хъуа адыгэ щIалэмрэ уэрэдус Щомахуэ Хьэсэнбийрэ лъэпкъ культурэм, гупсысэкIэм, дуней еплъыкIэм и лъэныкъуитIщ. Мурат иджыпсту сыт хуэдэ цIыхубз макъамэри ети, дунейм трихьэфынущ, Щомахуэр утыку кьихьэу утемыкIыкIытхьу адыгэ уэрэдыжьэр хужьIэнущ. Хьэсэнбий адыгэ уэрэдыжьэ куэд итхьажащ, щхьэкIэ и тхьылъ дэрэ едж, ахэр зэгъуэгу зрихъэмэным яужь итщ. Лъэпкъым зыгуэр епхамэ, абы и уэрэдри и Iуэрыlуатэрри зэрызэхэщар Хьэсэнбий и псэм похI.

И лъэпкъым зы уэрэд нэхъ мыхъуми и Iупэм тетыу кьыхуэгъэнамэ - ар уэрэдусщ. Щомахуэ Хьэсэнбий и апхуэдэ уэрэд дапщэу пIэрэ цIыхум зэпахыу кьэнар?! Язынныкъуэхэм ар Щомахуэм ейуи ящIэркъым, ауэ кьызэрыхэбдзэу кьыбдежьыуи щIадзэ. Ар насыпышхуэщ.

Макъамэм зыгуэр хэсщIыкIыу кьызоIпыкIэри, сэ кьысэрызэрыгъуэрыкIэ, уэрэдыр уэрэд нэх хъун щхьэкIэ зыпэ емыщIхьу къэгъэшIпlэ иIэн хуейщ. Ахэр Хьэсэнбий и уэрэдым хэтыщ нэрынэ-нэрынэу хэпхъуэу, зэщIэщIыпщIэу.

Джабиттl зэхуакум дэс Зенкъуэ дыдэгъэхьи, мы дунейм псэ гуэр кьуитамэ, умыуэснкIэ Iэмал имыIэу дахащIэщ ар. Атмэи, сымаджэщым щыкIуэкIэ джабэм ущыдэжьым дежэ узыщIихьэлIэ гуэл щыкIуитIыр. А щIыпIэр куэшыбэ идзапIэти, Хьэсэнбий зфIыгъэкъабзэкIи зыгъэпсэхупIэ ищIащ, зэрыщыту и IэкIэ ихухуащ. Мис ар дуней жэнэтщ, дуней жэнэт гухуеймэ. Эпкьтъэпкъ гъжьыгъэри акъыл гъэжьыгъэри зыгуэрым зэдихьыфмэ - ар Щомахуэ Хьэсэнбийщ.

Хьэсэнбий хэхауэ ящIэ щыкIуэ сыт-тIэ? Зы макъамэ щыкIу зыгуэрым иуцIырхъамэ, утыкум кьоIъадэри итщ, - сэ сыкомпозиторщ, - жери, а псалъэм и купщIэр кьыгурыIыуэми. Хьэсэнбий игъащIэм апхуэдэу кьыкьэдэкIауэ зэ-хэсхакъым. Езыр цIыху щыпкъэщ, гъэсащ, адыгэлIщ, псэрыплажьэщ. И гъащIэр дахэу, абы и псэр кьыдэущэу дунейм тетщи аращ и уэрэдыр уэрэд щIэхъур. Мыр стхын хуейщ, жиIэу тIысхэм ящыщкъым ар, дахагъ гуэрым естэпIейтéрри и псэр зэрихуэу аращ.

Кьыгуэхьпlэ имыIэу ныбжьэгъу пэжщ. Абы дежи сокIуэри, а и жэнтым сыхэсу псы макъым сыщIодоIу, дунейм и даущым сыходэIухь. Апхуэдэу дыщцэзбгъэдэсым и дежи и анэм и гугъу куэдрэ зэрищIри си гуапэщ. Хьэсэнбий сэ схуэдэу фызабэкъуэщ, ауэ кIуэдакъым, гугъуэсым инсыхьри цIыху ищIащ, арагъэнщ и псэ дахагъэри кьызыпкъыхьыкIи. Апхуэдэкъуэ зыгъэса анэм сыт хуэдэ уэрэдри хуэфащэщ, «Анэ» жьыуиIэ уэрэдри фIы дыдэу си ныбжьэгъуэм кьехъулIауэ кьызолIыгъ.

Нухуэ щIыпIэ дахэм къэкIыгъэ нэхъ дахэж и дунейм Хьэсэнбийрэ абы и щхьэгъусэ Фуэзэрэ хапIыкIащ и бынэгъэ абыхэм я быныжхэри. Даущ тIысыпIэщ Хьэсэнбий и лъьхэр нкIи арагъэнщ ар кьурши жьыми щIыщIэдэIуфыр, акъужь щадбэу и макъамэхэр щIигъанкIуэр.

Си анэм жиIауэ фIыуэ слъагъу псалъэхэмкIэ сыхуохъухъуэ: дэрэжьгъуэ, гукъыдэж, гуфIэгъуэ, зышIагъэ. Мис а Iэнэ лъакъыуплIыр Хьэсэнбий сытым деж иIэну си гуапэщ. Игури и псэри зэта и лъэпкъ цIыкIуэм иджыри зы уэрэд дахэ нэхъ мыхьуми зунусыну, гурэ псэкIэ фIыуэ слъагъу и кьуэрылъху-пхъуырылъху цIыкIуэм я гуфIэгъуэ ящIыну Тхьэм жиIэ. Зенкъуэ апхуэдэ лIы бэлыхь дяпэкIи кьызолIыгъ.

ХЬЭИУПЭ Джэбрэйл,
КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Урыс Федерацэм гъуазджэхэмкIэ щыIх зиIэ и лэжьакIуэ.

Си пшынэр дожьу

«Кабардинка» ансамблым сыкIуэн и пэкIэ, Бахъсэн районым Щэнхабзэмкlэ и унэм, куэдым фIыуэ щIыIэу Бахъсэн БетIал зи художественнэ унафэщIым щытам, концертмейстеру сыщылажьащ. Мис а зэманым лъандэрэ, 1962 гъэм щыщIэдзауэ, дызэрорелIыкIуэ Хьэсэнбий сэрэ. Абы дежьым щIэныгъэ ин и къызэрыкIуэ дызэкIэлъэкIуэ, ди хъыбари зэрощIэ.

